

## Oktòb-Se Mwa Sou Prevansyon Entimidasyon Nasyonal

Pou nou ede elèv, paran, ak pwofesè idantifye kondwit entimidasyon, li enpòtan pou nou defini epi konprann diferans ant entimidasyon, grosye ak kondwit move jan, ansanm ak konfli ant kondisip.

Kote tout moun kapab dakò ke entimidasyon pa bon e li danjere, tout moun pa rive dakò sou kisa ki konstitye zak entimidasyon. Genyen moun yo trete britalman swa pa yon kòmantè oswa yon aksyon pouf è yo mal. Menm si yo santi ke entimidasyon, move konpòtman brital se pa yon zak volontè epi se pa entansyonèl epi yo pa aji nan entansyon pou fwase yon lòt moun, men sa kapab fè yo mal. Genyen lòt moun yo trete avèk move jan ki se entansyon pou fè mal, men ki pa konsidere kòm entimidasyon paske se yon ka izole-sa rive youn oswa de fwa.

Yo defini entimidasyon tankou: enflije domaj fizik oswa deters sikolojik sou youn oswa plizyè elèv yon fason sistematik e kwonik e sa kapab:

- Sevè oswa pèsistan ase pou kreye yon anviwònman entimidasyon, agresif, oswa ofansif; oswa
- Entèfere yon fason derezonab sou pèfòmans oswa patisipasyon endividi a nan lekòl li.

Kondwit entimidasyon kapab tonbe nan plizyè kategori: 1) entimidasyon, 2) agresyon vèbal, 3) agresyon fizik, 4) agresyon relatif (medizans, simen rimè, imilyasyon piblik, epi 5) zak entimidasyon sou entènè (mechanste volontè ki ap repete e ki enflije atravè itilizasyon òdinatè, telefòn selilè, ak lòt aparèy elektwonik).

Pandan ke yo karakterize zak entimidasyon tankou lè yon moun gen entansyon fè yon lòt mekanste, repetisyon avèk yon ekilib pouvwa, konfli kondisip rive pa okazyon epi pafwa se pa aksidan. Lè timoun fè fas ak konfli, adilt kapab ankouraje yo pou rezoud konfli a kote yo kapab tanpere yo, poze kesyon epi tandè yo, epi eseye wè si yo kapab dakò sou yon plan mityèl.

Malerezman, règleman pou rezoud konfli yo pa mache pou entimidasyon. Akoz pouvwa ekilib la twòp, viktim entimidasyon yo bezwen mande yon adilt pou ede yo. Defans ki pi efikas kont entimidasyon se otorite adilt.

Lè adilt yo resevwa rapò sou entimidasyon, li enpòtan pou yo detèmine si kondwit la entansyonèl epi repete, e si yon ekilib pouvwa ekziste. Si yo dekouvri se entimidasyon, adilt yo kapab pozitivman entèveni kote yo kapab koute epi bay viktim yo asirans ke moun ap swiv yo, pa pou akize yo, e ke zak entimidasyon kapab sispann si yo rapòte sa bay otorite apwopriye. Gwoup kondisip yon viktim kapab entèveni tou olye pou yo kanpe ap asiste kòm espektatè epi yo ka konfwonte zak entimidasyon an oswa rapòte li bay yon adilt.

Pou rapòte zak entimidasyon san ou pa mansyone non ou, ou kapab:

- Voye yon mesaj ale pa yon tèks SMS nan 274637 (C-R-I-M-E-S) kote ou kapab itilize mo kle DNTH8 a (*don't hate*);
- Rele Sispann Krim kont Elèv nan 1-800-780-8477; oswa
- Soumèt yon Fòm Ensidan sou Entimidasyon ou kapab jwenn li nan paj Resous sou Entimidasyon Distri a nan [www.collierschools.com/bullying](http://www.collierschools.com/bullying).

Pou plis enfòmasyon sou entimidasyon, ou kapab refere ou a F.S. 1006.147 ak Règleman 5517.01 Konsèy Administrasyon Lekòl yo.